*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№146 (26359)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 15 август – майрæмы мæйы 15 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ÆМБЫРД *Æдасдзинады мадзæлттæм – уæлдай æргом*
3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ
4 РАГОН ТАУРÆГЪТÆ *Чъерчъиты хъæу*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

«Агро-Фат»-æй

# Дунеон форум йæ куыст райдыдта



**Картофы мыггаджы куыстимæ баст дунеон XII наукон-практикон форум йæ куыст райдыдта «Фат-Агро»-йы фæзуатыл. Уазджытæ æмæ фысымтæн сæ зæрды ис фарстайыл бæстон æрдзурын, рæгъмæ æмгуыстады хъуыддæгтæ рахæссын.**

Ацы дунеон форум сæмбæлд уазджытыл Уæрæсейы 17 регионæй, Белоруссийæ, Узбекистанæй, Азербайджанæй, Сомихæй, Гуырдзыстонæй.

Форумы архайджытæн зæрдиаг æгасцæуай загътой РЦИ-Аланийы хъæууон хæдзарады министры хæдивæг **Къадзаты Игорь**, компаниты къорд «Бавари»-йы бындурæвæрæг **Битарты Вячеслав**, картофы мыггаджы стандартизацийы сæрмагонд секцийы экс-секретарь **Сергей Маланичев**.

– Сæрыстырæй зæгъæм, Уæрæсейы, нæ гыццыл Ирыстоны, дæнцæгæн хæссинаг, ахæм егъау компани кæй ис. Наукæ, практикæ æмæ кæронбæттæны – æнтыстдзинад. Куыстуаты рæстæн нæхæдæг стæм æвдисæн. «Фат-Агро» æнтыстджын къахдзæфтæ кæны, йæ фидæн ноджы рæсугъддæр уыдзæн, – загъта министры хæдивæг æмæ раарфæ кодта компанийы коллективæн йæ 20 азы юбилейы фæдыл.

– Мах цæттæ стæм дæргъвæтин æмгуыстадмæ, Уæрæсейы картофы куыст чи кæны, уыдонимæ. Ахæм хорз фæлтæрддзинад нæм ис, бадзырдтæ семæ бафыссæм, сæ номхыгъд фæуæрæхдæр кæнынил кусæм, – фæнысан кодта Битарты Вячеслав. – Уæлдай бузныг зæгъын, æрвылаз нæ форум чи бабæрæг кæны, уыцы уазджытæн. Нæ компанийы хорз æмбæлттæ æмæ æмкусджытæ сты уыдон. «Фат-Агро» йæ архайды фылдæр æргом аздæхта хæрзмыггаг картофы куыстмæ. Уал азмæ нæм фæзынд фæлтæрддзинад, дæсны специалисттæ, хорз куыстæн нæм ис æппæт гæнæнтæ дæр. Мыггæгтæм сæйрагдæр домæн у сæ хæрзхъæддзинад, уымæн ахъаз сты, цы нырыккон лаборатори байгом кодтам, уый, æмæ хъæрмуæтты комплексы куыст дæр. Æнтыстджын размæцыдæн хъæуы æвæллайгæ æрвылбоны архайд.

Специалистты 'хсæн рауад бæстон ныхас картофы низты æмæ мыггаджы тыххæй, уæрæсейаг селекцийы хатдзæгтыл, йæ ад, йæ хуызтæ æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл.

Форумы архайджытæ æмæ уазджытæн бацæттæ кодтой, хъæууонхæдзарадон продукцийы цымыдисаг равдыст, мастер-кластæ, цæлхæмбырдтæ.

Йæ архайджытæ бабæрæг кæндзысты Джызæлы Цæгат Кавказы мыггæгты селекцион центр æмæ, картофы селекцион хуызтæ кæм зайынц, уыцы быдыртæ Уæллаг Зджыды.

Уазджытæн сæ бон уыдзæн картофы ног хуызтæ «Садон», «Спринтер», «Алани»-йæ саходын, сæ ад сын банкъарын. Уæдæ æнæ ирон фынгæвæрдæй дæр уазджыты нæ ныуадздзысты. Картофы мыггаджы рæзты форум алы аз дæр августы скæны «Фат-Агро». Афтæ зæгъæн ис, æмæ ацы фæз свæййы, мыггаджы куысты ногдæр технологитимæ базонгæ уæвæн кæм ис, ахæм бынат. Форум скæныны хъуыддаджы сæ цуры балæууынц Уæрæсейы Хъæууон хæдзарады министрад, Александр Лорхы номыл иртасæн федералон центр, Картоф æмæ халсарты базарады цæдис æмæ иннæтæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ,**
**къам systa**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

Хъæууон хæдзарад

# Стыр ахъаз – аграрон къабазы рæзтæн

**Цæгат Ирыстоны Хъæууон хæдзарады министрад дарддæр дæр мадзæлттæ аразы регионы агротехникон бæрæггæнæнтæ фæхуыздæр кæнын æмæ бæрзонд тыллæгдæттæг культуртæ æрзайын кæныны раззагдæр фæлтæрддзинад национ проект «Хойраджы æдасдзинады технологон æфсисад»-ы фæлгæты æххæст кæнынæн.**

«Рæстдзинад» раздæр куыд фыста, афтæмæй уый тыххæй ведомствæйы специалисттæ иудадзыг республикæйы фермерон хæдзарæдтæм цæуынц, зонгæ кæнынц æнтыстджын амалхъомты архайдимæ, уый та сын фæахъаз вæййы дарддæры рæзты гæнæнтæ сбæлвырд кæнынæн.

«Нæ регионы аграрон къабазы сæйраг бындур раздæрау у зæххы куыст», – зæгъы РЦИ-Аланийы хъæууон хæдзарады министр **Къусраты Алан**, аграрон бизнесæн æххуысады мадзæлтты ахсджиагдзинад бахахх кæнгæйæ.

Æнтыстджын куыстуæтты нымæцы ис Хъулаты Юрийы фермерон хæдзарад. Йæ хъæууонхæдзарадон зæххытæ сты 3302 гектары, уыдонæн сæ фылдæр хай – 70 проценты – ахсынц мæнæуы хуымтæ. Азæй-азмæ тыллæгæрзад бæрзонддæр кæны. Уымæй уæлдай ма хæдзарады бакæнынц технnetwork культуртæ – рапс æмæ æхсынæн дæр. Афтæ, 2023 азæй нырмæ хорз тыллæг ратты, нæ бæстæйы селекционертæ цы тауинаг раиртæстой, æхсынæны уыцы мыггаг «Гелиос». Кæд боныхъæды ахаст фæстаг цалдæр азы бынтон зæрдæмæдзæугæ нæ уыд, уæддæр зайæгойтæ бахъахъхъæныны нырыккон мадзæлтты руаджы тыллæгæрзад дзæвгар фæбæрзонддæр.

Хъæуууон хæдзарады министрады специалисттæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй фæззыгæнд мæнæуы рæстæмбис тыллæгæрзад гектарæй у 30 центнеры, фæззыгæнд рапсæн та – 10 центнеры онг.

Ахæм зæрдæмæдзæугæ бæрæггæнæнтæ райсыны сæйраг рахæцæн, у культурты низты профилактикæ æмæ хæмпæлгæрдæгимæ хъазуатон тох. Афойнадыл сæм базилын фæхъæуы, хъахъхъæнгæ сæ чи кæны, уыцы хостæй, бахæссын – минералон хъацæнтæ. Уæд продукцийы хæрзхъæддзинад уыдзæн бæрзонд, тыллæджы сæфтытæ та – къаддæр.

«Национ проект «Хойраджы æдасдзинады технологон æфсисад» стыр ахъаз у Цæгат Ирыстоны аграрон къабазы рæзтæн, уыимæ, адæмы цардыуаг бæрзонддæр æмвæзадмæ сисынæн», – зæгъы Къусраты Алан.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Къонайы хъарм

# Уæлахиз цымæ цæмæй райдайы?



**Нæ алкæмæ дæр уыцы фарстæн алыхуызон дзуаппытæ ис, фæлæ уæддæр сæ мидис æмхуызон у. Уæлахиз райдайы хуымæтæг æфсæддоны сгуыхтæй, схæцыны раст тактикæ æмæ стратеги равзарынæй, хæстоны ныййарæджы æнæхуыссæг æхсæвтæй, уæрæсейаг æфсадæн æххуысгæнæг æцæг патриоттæй.**

Сæрмагонд æфсæддон операцийы æнтыстыты фæстæ лæууынц бирæ адæм, нæ бон сæ «сабыр хъæбатыртæ» схонын у. Сæхи кой сæм нæй, афтæмæй операцийы фыццаг бонæй не 'фсæддонтæн алывæрсыг æххуыс кæнынц. Уыдæттæй сæхицæн кад скæнынмæ нæ хъавынц, æрмæстдæр сæ ис нæ бæстæйы мæт. Æфсадæн сæ удварн æмæ материалон уавæры бацæуынц, æндæр нысан сæм нæй.

Уыцы адæмæй нæ фæнды сæ иуы кой скæнын. Уæрæсейы Слестгæнæг комитеты Мæскуыйы сæйраг управленийы разамонæджы хæдивæг **Уæзæгты Владимиры** нæ салдæттæ рагæй дæр йæ номæй хонынц. 2022 азæй фæстæмæ йе 'мбæлттимæ фронты алы рахæцæнты сæмбæлын кæны гуманитарон æххуыс.

Балхæнынц техникæ, транспорт, хæстон гæрзтæ, хойраг, хостæ æмæ сæ уайтагъд бынаты сæмбæлын кæнынц. Стыр æххуыс дзы зонынц Плиты Иссæйы номхæссæг 166-æм полкъ æмæ бархионты къорд «Алани». Уæзæджы-фырт æрмæст хъæппæрис не 'вдисы, фæлæ æппæт æххуыс йæхæдæг ныххæццæ кæны раззагдæр хаххмæ. Нæдæр тарст æвдисы, нæдæр – гуырысхо.

Рагæй йæ чи зоны, уыдон ыл дис нæ кæнынц, уыдæттæ зæрдæйæ кæй кæны, уый æмбарынц. Республикæйы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагимы** ныхасмæ гæсгæ, Уæзæджы-фырт кæддæриддæр йæ уæздандзинад æмæ хиуылхæстдзинадæй бæрæг дары: «Мах хæлæрттæ стæм, уый æцæг патриот у. Фæлтæрддзинад иутæ акъоппыты æвдисынц, иннæтæ та, куыд барадхъахъхъæнджытæ – бæстæйы мидæг. Хæстон хæслæвæрдтæ æххæст кæнын фенцондæр, ноджы уый куы зонай, æмæ дæ фæстæ ахæм лæгтæ сабырдзинад æмæ фæткмæ æнæрынцойæ цæст дарынц. Бузныг ын зæгъын, цыдæриддæр нæ бахъæуы, уыдон йæ хъæппæрисæй тохы быдыры сæмбæлынц».

Уæзæгты Владимир ацы арфæйы ныхæсты тыххæй æрмæстдæр йæ мидбылты бахудт. Йæ бон цы у, уый кæны, йæ Фыдыбæстæ тынг кæй уарзы, уый хъуыддæгтæй æвдисы.

**Плиты Иссæйы**
**номхæссæг полкъ**

Фембæлд

# Сæхæдæг дæр фæлвæрдтой экспертизæ скæнын

**Бирæ ног æмæ цымыдисаг хабæрттимæ базонгæ вæййынц, лагерь «Патриот-2025»-мæ чи 'рбацæуы, уыцы æвзонг фæсивæд. Уазæгуаты сæм вæййынц мидхъуыддæгты алы хайæдты кусджытæ, Мидæфсæдты ветеранты советы уæнгтæ, стæй алыхуызон министрадты, ведомствæты, æхсæнадон, фæсивæдон æмæ дины организациты минæвæрттæ.**



Мæнæ та хæрзæрæджы дæр лагеры уазджытæ уыдысты Цæгат Ирыстоны экспертон-криминалистон центры специалисттæ. Уыдон базонгæ кодтой сывæллæтты сæ куысты æууæлтимæ, уыцы ахсджиаг службæйы хицæндзинæдтимæ. Уæлдай фылдæр æргом аздæхтой экспертизæйы алы хуызтæм, радзырдтой, куыд æмæ цавæр уавæрты йæ фæкæнынц, уыдæтты тыххæй. Æппæтæй тынгдæр дисы та сывæллæтты бафтыдта, «Криминалисты къопп» кæй хонынц, уый. Уый фæстæ сæхæдæг дæр фæлвæрдтой дактилоскопийы экспертизæ скæнын, ома, сæрмагонд дзаумæтты фæрцы æнгуылдзты нывтæ сисын.

Тынг фæцыд сæ зæрдæмæ лагеры æвзонг фысымтæн уыцы фембæлд, сæ уазджытæн уый фæдыл ракодтой зæрдиаг арфæтæ.

**РЦИ-Аланийы**
**Мидхъуыддæгты**
**министрады**
**пресс-службæ**

## Дзырды фарн

*Фыдæлты æгъдæуттæ*
*рох кæнын нæ хъæуы.*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **15 августы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-27 градусы онг хъарм.** | Боны дæргъ — 13,56 | Хурыскаст — 05,07 Хурныгуылд — 19,04 | Валютæйы аргъ | Доллар — 79,86 Евро — 92,34 | 12 + |

**Æмбырд**

# Æдасдзинады мадзæлттæм – уæлдай æргом

**Сæрдæй ма нымайгæ бонтæ баззад, фæззæг æрбахæццæ кæны. Йæ райдианимæ баст сты Ирыстоны историйы трагикон æртæ боны. Уый фæдыл РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг Гобеты Ибрагим сарæзта æмбырд Беслæны фыццæгæм скъолайы теракты 21-æм азы бонмæ саударæн мадзæлттæм цæттæ кæныны организацион комитетæн.**



**Архайдтой дзы республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг Платы Альбинæ, æххæстгæнæг, барадхъахъхъæнæг оргæнты, Дзæуджыхъæу æмæ Рахизфарсы районы администрациты минæвæрттæ æмæ «Беслæны мадæлты» комитеты уæнгтæ.**

**Фембæлды лæмбынæг ныхас цыди, 1-3 сентябры Беслæны фыццæгæм скъолайы спортзал æмæ мемориалон комплекс «Зæдты горæт»-ы æрвылаз цы мадзæлттæ саразынц, уыдоныл. Гобеты Ибрагим æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, уыцы бонты теракты амæттæгты æрымысынмæ кæй æрæмбырд уыдзысты Цæгат Ирыстоны цæрджытæ бирæйæ, уазджытæ Уæрæсейы алы регионтæ æмæ фæсарæйнаг паддзахæдтæй, уый тыххæй та кæй хъæуы объектты æдасдзинады мадзæлттæм уæлдай æргом аздахын.**

**Æмбырды хатдзæгтæм гæсгæ дзуапдæттджытæн сæ размæ бæлвырд хæстæ æвæрд æрцыд нысангонд æмгъуыдтæм.**

***ГАПБАТЫ Алетæ***

**Ныхас**

# Агропромышленнон комплекс компьютерон хуызмæ раивыны фæдыл

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хъæуугон хæдзарады министрад цы æмбырд сарæзта агропромышленнон комплекс компьютерон хуызмæ раивыны тыххæй, уым архайдта «Россельхознадзор»-ы Цæгат Кавказы регионалон управлени.**



Федералон паддзахадон информацион системæты куыст куыд аразын хъæуы, ууыл ахуыр кæныны фæдыл æмбырды раныхас кодта «Центр Агроаналитики»-йы управленийы разамонæг **Михаил Копейкин.** Управленийæ ма раныхас кодтой паддзахадон фитосанитарон цæстдарды хайады хицауы хæдивæг **Евгений Лысенко** æмæ паддзахадон зæххы цæстдарды хайады инспектор **Михаил Обухань.**

Хъæууонхæдзарадон товар уадзджытæ райстой практикон зонындзинæдтæ хъæууонхæдзарадон зайæгойты сортытæ æмæ гибридты паддзахадон реестры дæлсистемæ «Реестр ЗСН»-ы куыд агургæ сты, Федералон паддзахадон системæ «Семеноводство»-йы Уæрæсейы Федерацийы æрзайæг æмæ фæсарæнтæй æрбаласгæ мыггæгты бæрæгкæнынад, стæй хор йе ’рзайынгæнæгæй йæ фæлхасгæнæг ФГИС «Зерно»-мæ цы фæндæгтыл рацæуы, уыдæтты тыххæй.

Æмбырды ма æркастысты уагдоны дæлведомствæты 2025 азы хоры тыллæджы паддзахадон мониторинг æххæст кæныны куыст куыд цæуы, уымæ. Уымæй уæлдай ма æрныхас кодтой, лабораторон иртасæнтæ куыд цæуынц æмæ дæлсистемæ «Госмониторинг»-мæ хоры паддзахадон мониторингы бæрæггæнæнтæ куыд хаст цæуынц, уый фæдыл.

**Нæ уацхæссæг**

**Фембæлд**

# Æнæниз царды уаг



**Æнæниз царды уаг парахат кæныны бирæ номдзыд адæм архайынц, суанг Олимпиаг чемпионтæ дæр æрлæууынц фæсивæды, рæзгæ фæлтæры цур. Уæдæ барадхъахъхъæнджытæ дæр сывæллæттимæ зарядкæ скæнынц.**

Алагиры районы «Тæмискъ»-ы сывæллæтты санаторийы фæлладуадзджытæн æнæниз царды уаджы тыххæй радзурынмæ, семæ зарядкæ скæнынмæ æрбацыдысты районы мидхъуыддæгты хайады пъæлицæйæгтæ. Санаторийы сæ фæллад уагътой Запорожьейы облæсты, Черниговкæйы районы цæрæг 50 сывæллоны. Афтæ зæгъæн ис, æмæ зарядкæ скæнынмæ æрбацыдысты æнæхъæн командæйæ: æрмæст пъæлицæйы ныры службæгæнджытæ нæ, фæлæ мидхъуыддæгты хайады Ветеранты æмæ Æхсæнадон советты минæвæрттæ, «Фыццæгты змæлд»-ы уæнгтæ.

Æнахъомты хъуыддæгты хистæр инспектор **Сабанты Алинæ**, пъæлицæйы участокы æххæстбарджын Быгъуылты Руслан, мидхъуыддæгты хайады хъомыладон куыстæн бæрнон **Кæсæбиты Тамарæ**, Ветеранты советы сæрдар **Бицъоты Олег**, æхсæнадон советы уæнгтæ **Ханайты Таймураз**, газет «Сæуæхсид»-ы уацхæссæг **Татьянæ Байбородова**, «Фыццæгты змæлд»-ы уæнгтæ **Цæгæраты Светланæ** æмæ **Фидараты Дианæ** сывæллæтты æмрæнхъ æрлæууыдысты æмæ уал сын бацайдагъ ныхас.

Раздæр уал Бицъоты Олег сывæллæттæм фæсидт, ракодта сын арфæйы ныхæстæ, радзырдта æнæниз царды уаджы, йæ ахадындзинады тыххæй. Иннæ раныхасгæнджытæ дæр дзырдтой æнæниздзинады, рæсугъддзинады, тыхы, райдзаст равг æмæ æнкъаранты тыххæй. Æрхастой дæнцæгтæ, сывæллæттæ кæй бамбарой, ахæм хабæрттæ ракодтой. Армрестлингæй Уæрæсейы спорты мастер **Хъæрджынты Эллæ**, спорты мастермæ кандидат **Суанты Лерæ** æмæ армрестлингæй республикон ерысты призер **Къадзаты Лерæ** фæбæрæг кодтой æнæниз царды уаджы ахадындзинад. Ацы ахсджиаг фембæлдмæ æрбацыдысты РЦИ-Аланийы армрестлинджы федерацийы вице-президент **Диамбегты Чермен** æмæ спортивон скъола «Алагир»-ы тренер **Дудиаты Дианæ**.

Уый фæстæ æмхуызонæй скодтой зарядкæ, се уæнгтæ базмæлын кодтой. Иунæгмæ дæр зындзинæдтæ нæ сæвзæрд, æмхуызонæй уыдысты цырд, рæвдз, алцæмæ дæр цæттæ. Хъуыстис сæ хъæлдзæг худт, сывæллæттæ бузныджы ныхæстæ загътой уазджытæн. Ахæм фембæлдтæй сæ зæрдæтæ кæй барухс сты, уый бæрæг уыд.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

**Национ проект**

# Хиды рацарæзт кæронмæ æрхæццæ

**Муниципалон фæндаг Алагир-Црау-Урсдоны хиды арæзтад кæронмæ æрхæццæ æмæ лæвæрд æрцыд. Хъуыддæгтæ бантыстысты национ проект «Цардæн хъæугæ инфраструктурæ»-мæ гæсгæ.**



Ныр Алагир æмæ Дыгуры районты ’хсæн ацы фæндагыл цыппæрæм хид сцæттæ. Раздæр царды уагътой национ проект «Æдас æмæ хæрзхъæд фæндæгтæ», афтæмæй уыцы хидтæ дæр бавзæрстой цалцæг. Ныр та «Цардæн хъæугæ инфраструктурæ»-йы руаджы Црауæй Урсдонмæ фæндагыл хид йæ хуыз скалдта.

Цæмæй фæндагыл æппынæдзух цæуæг машинæтæ къуылымпытæ ма ’взарой, уый тыххæй уал «Ирстройинвест»-ы специалисттæ сарæзтой рæстæгмæ хид. Цæмæй арæзтады куыстыты æмгъуыдтæ дæргъвæтин ма рауайой, уый тыххæй былгæрæттæ сфидар кодтой хъомысджын æнцойгæнæнтæй. Уыдоны руаджы цæугæдоны раивылд æмæ уалдзæджы миты тайын, тыхджын къæвдатæ хидыл нæ фæбæрæг уыдзысты. Доны былгæрæттæ фидаргонд æрцыдысты, хидмæ бахизæнтæ æмæ рахизæнтæ дæр афтæ.

Ног хиды уæрх у 12 метры, машинætæ уыцыиу рæстæг дыууæ тæлмыл цæудзысты. Хидмæ фæхæстæгдæр уæвгæйæ бацæуæнтæ сфидар кодтой æфсæйнаг бырууйæ æдасдзинадæн. Хидыл дыууæрдыгæй дæр ис фистæгцæуджытæн къахвæндæгтæ, хидæй сæ хицæн кæнынц æфсæйнагæй конд гæрæнтæ. Донуадзæнтæ дæр бæрæггонд æрцыдысты, цыдæриддæр хидыл уæлдай дон фæзына, уый уайтагъд уыцы донуадзæнтæй ракæлдзæн.

Фæндаджы кæрæттæ фидаргонд æрцыдысты, сæвæрдтой дзы донисæнтæ, сæхгæдтой йæ асфальты дыууæ фæлтæрæй. Бæрæг дзы дарынц цыды фæтк æвдисæг фæндаггон нысантæ, уыдоны руаджы шофыртæн трассæйыл æнцондæр у цæуын. Хиды цур æвæрд æрцыд информацион фæйнæг, бæрæг дзы дары, æппæт куыстытæ национ проект «Цардæн хъæугæ инфраструктурæ»-мæ гæсгæ конд кæй æрцыдысты, уый.

Рацарæзты фæстæ ацы хид йæ техникон авналæнтæм гæсгæ дзуапп дæтты æппæт нырыккон домæнтæн. Алагир-Црау-Урсдонмæ цæуæг машинæтæ систы фадатджын æмæ æдас фæндаджы, хиды хицау.

**Нæ уацхæссæг**

# Комæй-коммæ – иу фæндаг

**Уæлладжыр æмæ Дыгургом кæрæдзиуыл чи бабæтдзæн, ахæм коммæ фæндаджы бындурон арæзтад ацы аз кæронмæ ахæццæ уыдзæн. Национ проект «Цардæн хъæугæ инфраструктурæ»-йы бындурыл хæхбæсты зын уавæрты фæндагаразджытæ æвдисынц лæгдзинад. Автомобилон фæндаг «Транскам»-Уæллаг Зджыд-Мæцутæ» уыдзæн 5,5 километры бæрц, удæнцойдзинад æрхæсдзæн бирæ адæмæн.**



Хæххон фæндаджы иувæрсты кæлыдон Садонкæ. Зымæгон йæ сæрты сывæллон дæр бахиздзæн, фæлæ уалдзæг æмæ сæрды мæйты йæ налатдзинад равдисы, йæ былтæй акæлы. Цæмæй æрдзон фыдбылыз ма ’рцæуа, уый тыххæй фæндæгтæаразæн куыстуат «Интелстрой»-ы специалисттæ уыцы-иу рæстæг самадтой сæдæгай метртæ фидаргæнæн къултæ фæндаггонты донивылд æмæ дурызгъæлдæй бахъахъхъæнынæн. Уыимæ, зæйтæ æрцæуынæй тæссаг бынæтты та æвæрд æрцыд сæрмагонд, «армированный» кæй хонынц, ахæм хызы 38 мин квадратон метры. Фидар быд телтæ бауромдзысты къæдзæхы цыфæнды стыр дуртæ дæр. Æппæт хъæугæ мадзæлттæ не ’руаддзысты фæндаггон фыдбылыз.

Проектмæ гæсгæ, фæндаджы уаццагыл сарæзтой æмæ сцалцæг кодтой авд хиды, сæвæрдтой дзы донцæуыны хætæлтæ.

Фæндæгтæм фыццаг домæн у адæмы æдасдзинад, æмæ куыстытæ арæзт цæуынц уыцы хуызы. Хъæутæ Садон, Галон æмæ Куырæйттæм бацæуæнты 1,9 километры сæвæрдтой электрон рухсы телыхъæдтæ.

Ныртæккæ ма бакæнын хъæуы цæттæгæнæн куыстытæ. Зæгъæм, фæндаджы кæрæтты бындур æвæрынц фидар уромæн гæрæнтæн, уыдзæн дзы, къæвдадæттæ кæдæм згъордзысты, ахæм аразгæ къанæуттæ. Нывылгонд æрцæудзысты фæндаггæрæттæ дæр, сæвæрдзысты дзы нысантæ.

Фæндаджы сæрыл фыццаг лæгъзгæнæн цъар асфальтæй æвæрын райдыдтой æмгъуыдæй раздæр, сентябры фыццаг бонты та бавналдзысты йæ уæлцъар æвæрынмæ. Арæзтадон куыстытæ нырма сæ тæмæны сты, афтæмæй ацы фæндагыл ныридæгæн цæуы бирæ машинæтæ.

Нæ республикæйы ног туристон æмæ логистикон маршруттæ арæзынæн, стæй дыууæ комы бастдзинадæн ахсджиаг æмæ хъæугæ у ацы объект. Уый æмбаргæйæ, РЦИ-Аланийы Фæндæгты хæдзарады комитеты хъусынгæнинагмæ гæсгæ, цæттæ кæнынц йæ дарддæры рацарæзтæн проектон документтæ.

Ирыстон экономикон æгъдауæй цæмæй цардхъом уа, районтæ æмæ кæмтты ’хсæн фæндæгтæ адæмæн æдас æмæ æнцонвадат уой, уый тыххæй арæзт цæуы æппæт мадзæлттæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Барадон фæтк**

# Фыдгæнæг баййафдзæн æфхæрд

**Уæрæсейы Федерацийы Æдасдзинады службæйы РЦИ-Аланийы управлени раргом кодта æнæххæст бæрнондзинады æхсæнады директоры фыдракæнд. Уый баст у бюджетон фæрæзты егъау бæрцы давдимæ.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй 2023 азы январы РЦИ-Аланийы горæттæй иуы администраци æмæ æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад сарæзтой муниципалон контракт хæрзвадат объекттæ æфснайыны тыххæй.

Уыцы контракт æххæст кæнынмæ гæсгæ директор бацæттæ кодта æмæ администрацимæ балæвæрдта хыгъды гæххæтт. Уым бавдыста, æппæт уынгтæ дæр сыгъдæггонд кæй цыдысты, уый. Æцæгæй та уынгтæ се ’ппæт сыгъдæггонд нæ цыдысты, уымæн æмæ хицæн уынгты цыдис инженерон хызтæ ивыны куыст.

Афтæмæй директор барадон хæлды архайдæй РЦИ-Аланийы горæты бюджетæн знаггад æрхаста 7 милуан сомы.

Оперативон-агурæн æрмæджыты бындурыл РЦИ-Аланийы Слестгæнæг управлени фыдгæнæджы ныхмæ УФ УК 159 статьяйы 4 хаймæ гæсгæ байгом кодта уголовон хъуыддаг.

*УФ-йы Æдасдзинады службæйы РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ*

**Ахуырад**

# Базондзысты дурынтæ кæнын дæр

**Уæлæмхасæн ахуырады Цæгат Ирыстоны центры уыдзæн ног ахуырадон программæтæ. Фæлтæрдджын специалистты æххуысæй сывæллæттæ ахуыр кæндзысты англисаг æвзаг, дурынтæ кæныны дæсныйад, уæлæдарæсы дизайн æмæ йæ кæрдыны æуууæлтæ. Тæккæ кæстæр сабиты та цæттæ кæндзысты скъоламæ бацæуынмæ.**

**Ахуыртæ райдайыны агъоммæ алы ахуыргæнæг дæр бацæттæ кæны, йæ хъомылгæнинаджы зондахасты æуууæлтæм гæсгæ хъæугæ пълан.**

**Уæлæмхасæн ахуырады фадæттæ фæуæрæхдæр уыдзысты Космонавтикæйы скъолайы дæр. Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрады куыд зæгъынц, афтæмæй æппæт уыцы мадзæлтты фæрцы алы сывæллонæн дæр уыдзæн гæнæнтæ рагацау йæ курдиæттæ раргом кæнынæн.**



*РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ*

## 23 Суббота

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00 Доброе утро. Суббота 12+
09.45 Слово пастыря 0+
10.00, 12.00 Новости
10.15 Д/ф «Безбилетный пассажир удачи». К 95-летию со дня рождения Георгия Данелии 16+
11.05 Играем свадьбу! 12+
12.15 Поехали! 12+
13.05 Т/с «Убойная сила» 16+
17.05 Кто хочет стать миллионером? 12+
18.00 Вечерние новости
18.20 Ээхх, Разгуляй! 16+
21.00 Время
21.35 Сегодня вечером 16+
23.30 Х/ф «Горизонт в огне» 18+
01.50 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России. Суббота 12+
08.00 Вести. Местное время. Суббота
08.35 По секрету всему свету 12+
09.00 Формула еды 12+
09.25 Пятеро на одного 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 Наши. Военкоры 12+
12.00 Доктор Мясников 12+
13.00 Большие перемены 12+
14.30, 20.50 Вести. Местное время
14.50 «Измайловский парк». Большой юмористический концерт 16+
17.15 «Эра мечтателей». Торжественная церемония, посвященная 80-летию атомной промышленности 12+
21.00 Х/ф «Столичная штучка» 12+
00.35 Х/ф «Боль чужой потери» 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
08.00 Вести. Местное время
08.15 Канал «Россия 1»
08.20 Местное время. Суббота
08.35 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
14.50 Канал «Россия 1»
20.50 Местное время. Вести-Алания
21.00 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
21.00 Россия 24. Местное время
21.30 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45 Т/с «Дельта. Продолжение» 16+
08.00, 10.00, 16.00 Сегодня
08.20 Поедем, поедим! 16+
09.20 Едим дома 0+
10.20 Главная дорога 16+
11.00 Живая еда с Сергеем Малоземовым 12+
12.00 Квартирный вопрос 0+
13.00 Однажды... 16+
14.00 Основано на реальных событиях 16+
16.20 ЧП. Расследование 16+
17.00 Своя игра 0+
18.00 Следствие вели... 16+
19.00 Центральное телевидение 16+
20.20 Х/ф «Глаз пустыни» 16+
01.30 Т/с «Игра. Реванш» 16+
04.30 Т/с «Агентство скрытых камер» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 05.10, 05.45, 06.25 Т/с «Пилигрим-2» 16+
07.05, 07.55, 11.10, 12.05, 13.00, 13.55, 14.55, 15.45, 18.30, 19.25, 20.20, 21.15 Т/с «Условный мент-2» 16+
08.45, 09.30, 10.15, 16.40, 17.40 Т/с «Условный мент-6» 16+
09.00 Страна советов 16+
22.10, 23.05 Т/с «Филин-4» 16+
00.00 Известия. Главное 16+
01.05 Светская хроника 16+
02.10, 02.50, 03.30, 04.10 Т/с «Филин-2» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Библейский сюжет 16+
07.05 М/ф «Храбрый олененок». «Последняя невеста Змея Горыныча». «Человечка нарисовал я» 16+
08.40 Классная тема! 16+
09.10, 22.45 Х/ф «Инспектор Гулл» 12+
11.30 Передвижники. Исаак Левитан 16+
12.00 Х/ф «Анна на шее» 0+
13.25 Кино о кино 16+
14.05, 01.05 Д/ф «Заповедное. Путь зубра» 16+
14.50 М/ф «Бременские музыканты». «По следам бременских музыкантов» 16+
15.35 Спектакль «Не будите мадам» 16+
17.40 ...Жизнь свою он прожил как поэт 16+
19.30 Новости культуры 16+
19.45 Х/ф «Последний дюйм» 0+
21.10 Сказки народов мира в опере 16+
01.45 Искатели 16+
02.30 М/ф «История любви одной лягушки». «Пилюля» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Смешанные единоборства. UFC. Сергей Павлович. Лучшее 16+
07.00, 09.00, 16.00 Новости
07.05, 16.05, 19.05, 21.30, 00.30 Все на Матч! 12+
09.05 М/ф «Чемпионы» 6+
09.25 Формула-1. Гаснут огни 12+
10.00 Смешанные единоборства. UFC. Джонни Уокер против Жанга Мингианга. Сергей Павлович против Валдо Кортеса-Акосты. Прямая трансляция из Китая
17.25 Гандбол. Суперкубок России. Мужчины. «Зенит» (Санкт-Петербург)-ЦСКА. Прямая трансляция из Волгограда
19.25 Футбол. Чемпионат Италии. «Сассуоло»- «Наполи». Прямая трансляция
22.20 Футбол. Чемпионат Испании. «Леванте»- «Барселона». Прямая трансляция
02.00 Легкая атлетика. Финал серии «Королева спорта». Трансляция из Екатеринбурга 6+
04.00 Новости 0+
04.05 Художественная гимнастика. Кубок сильнейших спортсменов. Трансляция из Москвы 6+

### ТВЦ
06.25 Православная энциклопедия 6+
06.50 Х/ф «Ночной переезд» 12+
08.25 Удиви меня 16+
10.05 Мифы о еде 16+
10.55 Просто & вкусно 6+
11.30, 14.30, 22.00 События
11.50 Смешите меня семеро 16+
12.35 Петровка, 38 12+
14.45 Х/ф «Жизнь, по слухам, одна» 12+
18.25 Т/с «Хроника гнусных времен» 12+
22.15 Д/ф «Тайная комната. Золото Третьего рейха» 16+
23.00 Д/ф «Русские тайны» 16+
23.45 Д/ф «Смерш. Ловушка для самурая» 16+
00.30 Д/ф «Охота на маньяка» 16+
01.10 Д/ф «Дорогие товарищи» 16+
01.50, 02.30, 03.10 Хроники московского быта 12+
03.55, 04.20, 04.45, 05.15 10 самых... 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30 Х/ф «Выбор сердца» 16+
10.00, 03.35 Т/с «Редкая группа крови» 16+
19.00 Т/с «Адвокат для сбежавшего жениха» 16+
23.30 Х/ф «Вальс цветов» 16+
03.10 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 03.10 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30 Новости 16+
09.00 Минтранс 16+
10.00 Самая полезная программа 16+
11.00, 13.00 Военная тайна 16+
15.00 СОВБЕЗ 16+
16.00 112 16+
17.00 Документальный спецпроект 16+
18.00 Засекреченные списки 16+
19.00 Добровэфире 16+
20.00 Х/ф «Отзвуки прошлого» 16+
21.50 Х/ф «Опасный Бангкок» 16+
23.45 Х/ф «Страна чудес Вилли» 18+
01.30 Х/ф «Монстр-траки» 6+

### СТС
06.00 Х/ф «Призраки» 16+
07.55, 09.00 Просто кухня 12+
10.00 100 мест, где поесть 16+
11.00 М/ф «Садко» 6+
12.45 М/ф «Карлик нос» 16+
14.25 М/ф «Яга и книга заклинаний» 6+
16.35 Х/ф «Хроники панголинов» 12+
18.40 Х/ф «Стражи времени» 6+
20.50 Х/ф «Робин гуд. Начало» 16+
23.05 Х/ф «Орел девятого легиона» 12+
01.20 Х/ф «Эмпайр Стэйт» 16+
02.50 Т/с «Метод Лавровой» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.30, 09.30, 10.30, 02.35, 03.20, 04.10, 05.00, 05.50, 06.00 Однажды в России 16+
11.30 Кто куда 16+
12.00, 12.45, 14.25, 16.05, 17.40, 19.20 Битва экстрасенсов 16+
21.00 Большой хит 16+
23.00 StandUp 18+
00.00 Женский стендап 18+
01.00 Погоня 16+

## 24 Воскресенье

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10, 00.00 Подкаст.Лаб 16+
06.40 Играй, гармонь любимая! 12+
07.25 Здоровье 16+
08.30 Золотая коллекция Союз мультфильма 0+
09.10 Непутевые заметки 12+
09.30 Мечталлион. Национальная лотерея 12+
10.15 Жизнь своих 12+
11.05 Повара на колесах 12+
12.15 Они выбрали-Родину 16+
12.55 Видели видео? 0+
14.20 Д/ф «Безбилетный пассажир удачи». Полная версия. К 95-летию со дня рождения Георгия Данелии 16+
15.25 Х/ф «Кин-дза-дза!» 12+
18.00 Вечерние новости
19.00 Две звезды. Лучшее 16+
21.00 Время
23.00 Т/с «Триггер» 16+

### РОССИЯ 1
05.25, 01.35 Х/ф «Осторожно! Вход разрешен» 12+
07.20 В кругу друзей 12+
08.00 Вести. Местное время. Воскресенье
08.35 Когда все дома 12+
09.25 Утренняя почта 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 Наши. Военкоры 12+
12.00 Доктор Мясников 12+
13.00 Судьба человека с Борисом Корчевниковым 12+
14.30 Вести. Местное время
15.00 Парад юмора 16+
17.50 Песни от всей души 12+
22.30 Москва. Кремль. Путин 16+
23.00 Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
08.00 Вести. Местное время. Северный Кавказ
08.15 Канал «Россия 1»
08.20 Местное время. Воскресенье
08.35 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
15.00 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
13.00 Россия 24. Местное время
14.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.00 Т/с «Дельта. Продолжение» 16+
06.40 Центральное телевидение 16+
08.00, 10.00, 16.00 Сегодня
08.20 У нас выигрывают! 12+
10.20 Первая передача 16+
11.00 Чудо техники 12+
12.00 Дачный ответ 0+
13.00 Однажды... 16+
14.00 Основано на реальных событиях 16+
16.20 ЧП. Расследование 16+
17.00 Своя игра 0+
18.00 Следствие вели... 16+
19.00 Итоги недели
20.20 Звезды сошлись 16+
22.00 Звезды 16+
01.55 Т/с «Игра. Реванш» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 05.40, 06.20 Т/с «Филин-4» 16+
07.00 Х/ф «Невероятные приключения итальянцев в России» 12+
09.00 Фирменный рецепт с Емельяненко 12+
09.30, 01.55 Х/ф «Морозко» 0+
11.10, 12.05, 13.00, 13.55, 14.50, 15.45, 16.40, 17.35, 18.25, 19.20, 20.15, 21.05 Т/с «Следопыт» 16+
22.00 Х/ф «Мажор» 16+
00.00 Х/ф «Неслужебное задание» 16+
03.10, 03.50, 04.25 Т/с «Последний мент» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Библейский сюжет 16+
07.05 М/ф «Братья Лю». «Праздник новогодней елки» 16+
08.35 Классная тема! 16+
09.05 Х/ф «Последний дюйм» 0+
10.30 Больше, чем любовь 16+
11.10 Х/ф «Не болит голова у дятла» 0+
12.25 Юбилейный концерт Государственного академического Воронежского русского народного хора имени К.И.Массалитинова. 2024 г. 16+
13.25 Человеческий фактор. «Особенный театр» 16+
13.55 Х/ф «Дорога на Бали» 12+
15.30, 00.45 Д/ф «Полет над Владивостоком» 16+
16.30 Картина мира с Михаилом Ковальчуком 16+
17.10 К 250-летию Большого театра России. «Легендарные голоса. Бэла Руденко» 16+
18.05 Д/ф «Гатчина. Усадьба Елизаветино» 16+
18.35 Х/ф «Сюжеты вокруг сюжетов. Брат мой-враг мой» 16+
19.30 Новости культуры 16+
19.45 Х/ф «Из жизни отдыхающих» 12+
21.10 Русские сказки в опере 16+
22.25 Д/ф «Красота по-русски» 16+
23.20 Х/ф «Когда мне будет 54 года» 16+
01.40 Искатели 16+
02.25 М/ф «Мена». «Фатум» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Смешанные единоборства. UFC. Джонни Уокер против Жанга Мингианга. Сергей Павлович против Валдо Кортеса-Акосты. Трансляция из Китая 16+
07.00, 09.00, 11.05 Новости
07.05, 11.10, 00.30 Все на Матч! 12+
09.05 М/ф «Команда МАТЧ» 0+
09.25 Что за спорт? Экстрим 12+
10.00 Московские экстремальные игры-2025 г 12+
11.55 Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Moscow Raceway. SMP GT4. Прямая трансляция
13.15 Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Moscow Raceway. SMP TCR. Прямая трансляция
14.10 Легкая атлетика. Финал серии «Королева спорта». Прямая трансляция из Екатеринбурга
17.00 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. ЦСКА-»Акрон» (Тольятти). Прямая трансляция
19.30 После футбола с Георгием Черданцевым 16+
20.25 Футбол. Чемпионат Испании. «Реал Сосьедад»-«Эспаньол». Прямая трансляция
22.25 Футбол. Чемпионат Испании. «Овьедо»-«Реал» (Мадрид). Прямая трансляция
02.00 Легкая атлетика. Финал серии «Королева спорта». Трансляция из Екатеринбурга 6+
04.00 Новости 0+
04.05 Регби. Pari Чемпионат России. «Стрела-Ак Барс» (Казань)-«Локомотив-Пенза» 12+

### ТВЦ
05.40 Т/с «Хроника гнусных времен» 12+
08.45 Х/ф «Агата и сыск. Выгодный риск» 16+
10.55 Полезная программа 6+
11.30, 14.30, 00.30 События
11.45 Наша смешная жизнь 16+
12.35 Х/ф «Огарева, 6» 12+
14.45 Д/ф «Дорогие товарищи» 16+
15.30 Д/ф «Охота на маньяка» 16+
16.20 Д/ф «90-е» 16+
17.15 Х/ф «Присяжная» 16+
21.05 Х/ф «Кукловод» 16+
00.45 Петровка, 38 16+
00.55 Х/ф «Жизнь, по слухам, одна» 12+
03.50 Хорошие песни 12+
05.15 Д/ф «Любовь в советском кино» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 03.10 Т/с «Редкая группа крови» 16+
06.55 Х/ф «Одноклассники. Бывших не бывает» 16+
11.15 Т/с «Провинциалка» 16+
19.00 Х/ф «Другой мужчина» 16+
23.30 Х/ф «Тест на материнство» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 23.55 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30 Новости 16+
08.55 Самая народная программа 16+
09.25 Знаете ли вы, что? 16+
10.25 Наука и техника 16+
11.30 Д/с «Легенды и мифы» 16+
12.55 Неизвестная история 16+
13.55 Купи-продай 16+
15.00 Безумные факты 16+
16.00 112 16+
16.55 Х/ф «Глубоководный горизонт» 16+
19.00 Х/ф «Последний день Земли» 16+
20.45 Х/ф «Месть земли» 16+
23.00 Итоговая программа 16+

### СТС
06.00, 05.40 М/ф «Три кота» 0+
06.55 М/ф «Мия и я. Легенда Сентопии» 6+
08.25 М/ф «Огрики» 6+
10.10 М/ф «Команда монстров» 12+
11.55 М/ф «Тайна семьи монстров» 6+
13.35 М/ф «Кентервильское привидение» 6+
15.20 Х/ф «Мой любимый призрак» 6+
17.05 Х/ф «Ловушка для привидения» 12+
19.00 Х/ф «Каспер. Легенда возвращается» 6+
21.00 Х/ф «Бюро магических услуг» 12+
23.20 Х/ф «Патруль времени» 18+
01.20 Х/ф «Миссия ассасина» 18+
02.40 Х/ф «Как снег на голову» 16+
04.10 Т/с «Ухожу красиво» 16+

### ТНТ
07.00, 08.00, 09.00, 10.00, 04.20, 05.05, 05.50 Однажды в России 16+
10.30, 12.05, 13.45, 15.20, 16.50 Битва экстрасенсов 16+
18.30 Большой куш. Бангкок 16+
21.00 Погоня 16+
23.00 Шоу Воли 16+
00.00 Большой хит 16+
02.00, 02.45, 03.30 Женский стендап 16+
06.00 Утро ТНТ 16+

## “Осетия-Ирыстон”-ы программæ

**КЪУЫРИСÆР, 18 АВГУСТ**
6:00 Утро. Новости 12+
6:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**6:45 Музыкæ 12+**
7:00 Утро. Новости 12+
7:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**7:50 Музыкæ 12+**
8:00 Утро. Новости 12+
8:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**8:50 Музыкæ 12+**
9:00 Утро. Новости 12+
9:05 Тропами Алании 12+
**9:25 Аивады æвæрæнтæй 12+**
9:35 Все в сад 12+
10:00 Новости 12+
10:15 Дело мастера 12+
**10:45 Фыдæлты уæзæгмæ 12+**
11:25 Медикум 12+
**12:10 Æргомæй 12+**
**12:30 Музыкæ 12+**
**13:00 Хабæрттæ 12+**
13:20 Баритон. За кадром. Дзамболат Дулаев 12+
14:00 Подростки в эфире 12+
14:35 Мой Владикавказ 12+
**15:05 Фæрдгуытæ 12+**
**15:30 Музыкæ 12+**
16:00 Новости 12+
16:15 Гостиница «Россия». Первая среди равных 16+
17:15 Профессиональный путь 12+
**17:45 Хъусынгæнинæгтæ 12+**
**17:50 Уидæгты ирдгæ. Хъайтыхъты Бола 12+**
**18:20 Фæд 12+**
18:35 Ossetica. Танец. Священный брак 12+
**19:00 Хабæрттæ 12+**
19:30 Самое время 12+
20:30 История в кадре 12+
21:00 Новости 12+
**21:20 Аивады фæз 12+**
22:05 Сбереги башню 12+
23:35 Артист 12+
**0:00 Хабæрттæ 12+**
0:20 Самое время (повтор) 12+
1:20 Новости (повтор) 12+
1:40 Гостиница «Россия». Первая среди равных 16+
**2:30 Хабæрттæ 12+**
2:50 100 лет образования Северной Осетии 12+
4:35 Новости (повтор) 12+
**5:00 Нарты кадджытæ 12+**
**5:30 Музыкæ 0+**

**ДЫЦЦÆГ, 19 АВГУСТ**
6:00 Утро. Новости 12+
**6:05 Дæ райсом хорз, Ирыстон! 12+**
**6:45 Музыкæ 12+**
7:00 Утро. Новости 12+
**7:05 Дæ райсом хорз, Ирыстон! 12+**
**7:45 Музыкæ 12+**
8:00 Утро. Новости 12+
**8:05 Дæ райсом хорз, Ирыстон!** 12+
**8:50 Музыкæ 12+**
9:00 Утро. Новости 12+
9:05 Тропами Алании 12+
9:35 Все в сад 12+
10:00 Новости 12+
10:15 Дело мастера 12+
**10:40 Фыдæлты уæзæгмæ 12+**
11:15 Тактика 12+
**12:20 Æргомæй 12+**
**12:35 Музыкæ 12+**
**13:00 Хабæрттæ 12+**
13:15 Заур. Одинокий букинист 12+
13:45 Ossetica. Танец. Священный брак 12+
14:10 Мой Владикавказ 12+
14:40 Век истории 12+
**15:05 Фæрдгуытæ 12+**
**15:30 Музыкæ 12+**
16:00 Новости 12+
16:15 Гостиница «Россия». Первая среди равных 16+
17:15 Профессиональный путь 12+
**17:45 Хъусынгæнинæгтæ 12+**
17:50 Во власти музыки 12+
**19:00 Хабæрттæ 12+**
**19:30 Йæ рæстæгыл 12+**
20:30 История в кадре 12+
21:00 Новости 12+
**21:20 Аивады фæз 12+**
22:35 Горская новелла 12+
**0:00 Хабæрттæ 12+**
**0:20 Йæ рæстæгыл 12+**
1:20 Новости (повтор) 12+
1:40 Гостиница «Россия». Первая среди равных 16+
**2:30 Хабæрттæ 12+**
2:50 100 лет образования Северной Осетии 12+
**4:15 Аивады æвæрæнтæй 12+**
4:35 Новости (повтор) 12+
**5:00 Нарты кадджытæ 12+**
**5:30 Музыкæ 0+**

**ÆРТЫЦЦÆГ, 20 АВГУСТ**
6:00 Утро. Новости 12+
6:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**6:45 Музыкæ 12+**
7:00 Утро. Новости 12+
7:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**7:50 Музыкæ 12+**
8:00 Утро. Новости 12+
8:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**8:50 Музыкæ 12+**
9:00 Утро. Новости 12+
9:05 Тропами Алании 12+
9:30 Все в сад 12+
10:00 Новости 12+
10:15 Дело мастера 12+
**10:55 Фыдæлты уæзæгмæ 12+**
11:35 Тактика 12+
**12:30 Музыкæ 12+**
**13:00 Хабæрттæ 12+**
13:20 Гвардия 12+
**13:50 Рæстдзинад 12+**
14:20 Мой Владикавказ 12+
**15:00 Фæрдгуытæ 12+**
**15:30 Музыкæ 12+**
16:00 Новости 12+
16:15 Отчий берег (1 серия) 16+
17:20 Профессиональный путь 12+
**17:45 Хъусынгæнинæгтæ 12+**
17:50 Новости ЮОГУ 12+
18:20 Позитивчики 6+
**18:40 Судзаг æвзаг 12+**
**19:00 Хабæрттæ 12+**
19:30 Национальные интересы 12+
20:30 История в кадре 12+
21:00 Новости 12+
**21:20 Аивады фæз 12+**
22:15 Отчий берег (2 серия) 16+
**23:20 Гом урок 12+**
23:35 Артист 12+
**0:00 Хабæрттæ 12+**
0:20 Национальные интересы (повтор) 12+
1:20 Новости (повтор) 12+
1:40 Отчий берег (1 серия) 16+
**2:30 Хабæрттæ 12+**
2:50 Отчий берег (2 серия) 16+
**3:45 Мыггагæй мæ бафæрс 12+**
4:35 Новости (повтор) 12+
**5:00 Нарты кадджытæ 12+**
**5:30 Музыкæ 0+**

**ЦЫППÆРÆМ, 21 АВГУСТ**
6:00 Утро. Новости 12+
**6:05 Дæ райсом хорз, Ирыстон! 12+**
**6:40 Музыкæ 12+**
7:00 Утро. Новости 12+
**7:05 Дæ райсом хорз, Ирыстон! 12+**
**7:50 Музыкæ 12+**
8:00 Утро. Новости 12+
**8:05 Дæ райсом хорз, Ирыстон! 12+**
**8:45 Музыкæ 12+**
9:00 Утро. Новости 12+
9:05 Тропами Алании 12+
9:40 Все в сад 12+
10:00 Новости 12+
10:15 Дело мастера 12+
**10:55 Фыдæлты уæзæгмæ 12+**
11:40 Тактика 12+
**13:00 Хабæрттæ 12+**
13:25 Нюансы 12+
**14:25 Æнусон фарн. Мурат Цирихов 12+**
**15:30 Музыкæ 12+**
16:00 Новости 12+
16:15 Отчий берег (3 серия) 16+
17:20 Профессиональный путь 12+
**17:45 Хъусынгæнинæгтæ 12+**
**17:50 Уидæгты ирдгæ. Козырты-Азиаты Азæ 12+**
18:10 Истории из жизни 12+
**19:00 Хабæрттæ 12+**
19:30 Самое время 12+
**20:30 Кувæг Ир 12+**
21:00 Новости 12+
**21:20 Аивады фæз 12+**
22:10 Отчий берег (4 серия) 16+
23:10 Открытый урок 12+
23:35 Артист 12+
**0:00 Хабæрттæ 12+**
0:20 Самое время (повтор) 12+
1:20 Новости (повтор) 12+
1:40 Отчий берег (3 серия) 16+
**2:35 Хабæрттæ 12+**
2:50 Отчий берег (4 серия) 16+
**3:45 Мыггагæй мæ бафæрс 12+**
4:35 Новости (повтор) 12+
**5:00 Нарты кадджытæ 12+**
**5:30 Музыкæ 0+**

**МАЙРÆМБОН, 22 АВГУСТ**
6:00 Утро. Новости 12+
6:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**6:45 Музыкæ 12+**
7:00 Утро. Новости 12+
7:05 Доброе утро, Осетия! 12+
**7:50 Музыкæ 12+**
8:00 Утро. Новости 12+
8:05 Доброе утро, Осетия! 12+
9:00 Утро. Новости 12+
9:05 Тропами Алании 12+
9:40 Все в сад 12+
10:00 Новости 12+
10:15 Дело мастера 12+
**10:40 Фыдæлты уæзæгмæ 12+**
11:05 Тактика 12+
**12:00 Æргомæй 12+**
**12:25 Музыкæ 12+**
**13:00 Хабæрттæ 12+**
**13:20 Кувæг Ир 12+**
13:35 Мой Владикавказ 12+
14:15 Крылатое сердце Илиты 12+
**14:45 Фæрдгуытæ 12+**
**15:30 Музыкæ 12+**
16:00 Новости 12+
16:15 Отчий берег (5 серия) 16+
17:10 Профессиональный путь 12+
**17:45 Хъусынгæнинæгтæ 12+**
17:50 Экспонаты 12+
**18:30 Хæдзарадон 12+**
**19:00 Хабæрттæ 12+**
**19:30 Йæ рæстæгыл 12+**
20:30 История в кадре 12+
21:00 Новости 12+
21:20 Ход истории 12+
22:10 Отчий берег (6 серия) 16+
**23:15 Гом урок 12+**
23:35 Артист 12+
**0:00 Хабæрттæ 12+**
**0:20 Йæ рæстæгыл 12+**
1:20 Новости (повтор) 12+
1:40 Отчий берег (5 серия) 16+
**2:35 Хабæрттæ 12+**
2:50 Отчий берег (6 серия) 16+
**3:45 Мыггагæй мæ бафæрс 12+**
4:35 Новости (повтор) 12+
**5:00 Нарты кадджытæ 12+**
**5:30 Музыкæ 0+**

**САБАТ, 23 АВГУСТ**
**6:00 Музыкæ 12+**
6:30 Мультфильмы 0+
**7:05 Æнусон фарн. Хуырымты Уырызмæг 12+**
8:20 100 лет образования Северной Осетии 12+
10:00 Традиция веры 12+
10:10 Нюансы (выпуск от 21.08.2025) 12+
**11:15 Бæрнон ныхас 12+**
**12:15 Музыкæ 12+**
**12:30 Хæдзарадон 12+**
13:00 Ход истории 12+
**13:45 Саутæ, буртæ, мыдхуызтæ 12+**
15:25 Вокзал для двоих. Архон 12+
16:15 Концерт Оркестра народных инструментов ВКИ им В. Гергиева 12+
**17:45 Хъусынгæнинæгтæ 12+**
17:50 Гвардия 12+
**18:30 Бинонтæ 12+**
19:00 Новости 12+
**19:20 Æнусон фарн. Тереза Кантемирова 12+**
20:30 Снег в сентябре 12+
22:00 Дорога к дому 16+
23:30 Три села - одна судьба 12+
0:00 Новости 12+
**0:15 Æндæхтæ 12+**
1:20 Аланы. Дорога к родине 12+
2:10 Камболов 12+
3:05 Феликс Алборов. Мелодия жизни 12+
4:05 Медикум 12+
**5:00 Нарты кадджытæ 12+**
**5:30 Музыкæ 12+**

**ХУЫЦАУБОН, 24 АВГУСТ**
**6:00 Музыкæ 12+**
6:30 Мультфильмы 0+
7:05 В своем кругу 12+
8:30 100 лет образования Северной Осетии 12+
10:20 Глазами зоолога 12+
**11:00 Æнусон фарн. Тереза Кантемирова 12+**
**12:10 Бинонтæ 12+**
12:40 Местные знают 12+
**13:30 Саутæ, буртæ, мыдхуызтæ 12+**
15:15 Вокзал для двоих. Брут 12+
**17:25 Заманæй 12+**
**17:45 Хъусынгæнинæгтæ 12+**
**17:50 Таутиаты Солæман. Æнæмæлгæ 12+**
**19:30 Разагъды лæгтæ 12+**
20:00 В итоге: 12+
20:40 Тонкие нити 12+
21:00 Костры на башнях 12+
**22:40 Арвайдæн 12+**
0:00 В итоге: (повтор) 12+
**0:40 Æндæхтæ 12+**
1:40 Время Бориса Галаева 12+
2:45 Фильм-концерт «Фрески. Воспоминание о Дагестане» 12+
3:50 Медикум 12+
**5:00 Нарты кадджытæ 12+**
**5:30 Музыкæ 12+**

## “Радио-Уæрæсе”-йы программæ (ПТРК “Аланыстон”)

**КЪУЫРИСÆР, 18 АВГУСТ**
**7.10 Хабæрттæ.**
7.15 Информационно-музыкальный радиоканал «Доброе утро, Осетия!»
7.55 Новости.
8.00 Радио России.
**18.10 Хабæрттæ.**
18.20 Информационно-музыкальный радиоканал «Добрый вечер, Осетия!»
18.50 Новости.
19.00 Радио России.

**ДЫЦЦÆГ, 19 АВГУСТ**
**7.10 Хабæрттæ.**
7.15 Информационно-музыкальный радиоканал «Доброе утро, Осетия!»
7.55 Новости.
8.00 Радио России.
**18.10 Хабæрттæ.**
18.20 Информационно-музыкальный радиоканал «Добрый вечер, Осетия!»
18.50 Новости.
19.00 Радио России.

**ÆРТЫЦЦÆГ, 20 АВГУСТ**
**7.10 Хабæрттæ.**
7.15 Информационно-музыкальный радиоканал «Доброе утро, Осетия!»
7.55 Новости.
8.00 Радио России.
**18.10 Хабæрттæ.**
18.20 Информационно-музыкальный радиоканал «Добрый вечер, Осетия!»
18.50 Новости.
19.00 Радио России.

**ЦЫППÆРÆМ, 21 АВГУСТ**
**7.10 Хабæрттæ.**
7.15 Информационно-музыкальный радиоканал «Доброе утро, Осетия!»
7.55 Новости.
8.00 Радио России.
**18.10 Хабæрттæ.**
18.20 Информационно-музыкальный радиоканал «Добрый вечер, Осетия!»
18.50 Новости.
19.00 Радио России.

**МАЙРÆМБОН, 22 АВГУСТ**
**7.10 Хабæрттæ.**
7.15 Информационно-музыкальный радиоканал «Доброе утро, Осетия!»
7.55 Новости.
8.00 Радио России.
**18.10 Хабæрттæ.**
18.20 Информационно-музыкальный радиоканал «Добрый вечер, Осетия!»
18.50 Новости.
19.00 Радио России.

**САБАТ, 23 АВГУСТ**
10.10 Радиожурнал «Зори Кавказа».
11.00 Радио России.
11.10 «Дневная студия».
12.00 Радио России.

**ХУЫЦАУБОН, 24 АВГУСТ**
**10.10 Радиопрограммæ «Уацамонгæ».**
11.00 Радио России.
**11.10 «Ирыстон чи уарзы зæрдæйæ».**
**11.35 Ирон эстрадон зарджытæ.**
12.00 Радио России.

Рагон таурæгътæ

# Чъерчъиты хъæу

**Раджы Гуры æлдармæ иу ирон лæг куыста æххуырстæй. Лæг уыд бæрзонд, куыд фæзæгъынц, афтид нуар æмæ царм, уый тыххæй йæ хуыдтой Чъерчъи. Фæлæ, дам, уыд тынг кусаг. Фондз лæджы-иу цы бакуыстой бонмæ, уый-иу уый иунæгæй бакодта. Уыцы рæстæг-иу æлдæрттæ кæрæдзи рахон-бахон кодтой, акодтой-иу семæ дугъы бæхтæ, хъæбысæй хæцæг богæлттæ æмæ-иу, цалынмæ фынджы уæлхъус сбадтысты, уæдмæ-иу уыдон кæрæдзиимæ ерыс кодтой.**

Иу бон Гуры æлдармæ кæцæйдæр æндæр æлдар уазæгуаты æрцыд. Уыд тынг тыхджын богалимæ æмæ Гуры æлдары богæлтты иууылдæр рамбылдта, ничиуал æм уæндыд. Æрæнкъард æлдар, бæргæ-ма дзырдта: «Чи йæ рамбула, уымæн хорз лæвар ракæндзынæн». Уæд æм Чъерчъи бацыд æмæ, хатыр ракургæйæ, загъта: «Мæн ма йæм бауадз». Æлдар æм бакаст: «Ацу Чъерчъи, де стджытæ дын ныцъцъæл кæндзæн, æмæ ма дæ хуызæн кусæг кæм ссардзынæн».

«Бауадз-мæ, ма тæрс», – загъта та Чъерчъи. Уæд æлдар ахъуыды кодта, кæд йæ ныфс хæссы, уæд ын, чи зоны, исты бакæна æмæ сæ бауагътой. Богал афтæ ахъуыды кодта, зæгъгæ, ныртæккæ йын йе стджытæ ацъæлтæ кæндзынæн, æмæ йæм ныфсджынæй йæхи бауагъта. Чъерчъи дæр æм багæпп кодта, йæ астæуыл ын йæ къухтæ атыхта æмæ йæ ахæм æлхъывд æрбакодта, æмæ богалæн йæхи стджыты къæс-къæс ссыд, йæ улæфт ахгæдта. Чъерчъи йæ уæлгоммæ авæрдта. Бирæ фæцин кодтой адæм, уæлдайдæр та æлдар.

Æлдæрттæ дæр иуыл иухуызон нæ уыдысты, æвæццæгæн дзы дзæбæхтæ дæр уыди. Уый фæстæ æлдар фæдзырдта Чъерчъимæ æмæ йын загъта: «Бæргæ мæ нæ фæнды дæу ауадзын, дæ хуызæн кусæг ма кæм ссардзынæн, фæлæ, ахæм лæгдзинад кæй равдыстай, уый тыххæй дæ сæрибар кæнын. Ацу æмæ, кæмдæриддæр дæ зæрдæмæ зæхх фæцæуа, уый балхæн, æхца дæ цас хъæуа, уый дын ратдзынæн».

Чъерчъи рацыд Чысангоммæ, уым йæ зæрдæмæ зæхх фæцыд æмæ йæ Чысангомы æлдарæй балхæдта, скодта дзы хæдзар, æркодта бинонтæ. Уый фæстæ йæ цот бабирæ сты, æмæ дзы рауад хъæу. Схуыдтой йæ Чъерчъиты хъæу. Уыцы хъæу тынг рæсугъд уыдис, арæзтой дзы дыууæуæладзыгон хæдзæрттæ. Æрæджы дæр ма дзы цардысты чъерчъихъотæ, кодтой фосы куыст, фæлæ сæм 1991-1992 азты гуырдзиаг экстремисттæ райдыдтой цæуын автоматтимæ, сæ фос сын-иу атардтой сæ хæдзæрттæй æмæ сæ алыварс хъæутæй.

Абоны бон Ленингоры фæндаг ууылты цæуы æмæ, æцæг ирон лæг чи у, уый, уыцы сыгъд хæдзæрттæ куы фены, уæд йæ цæссыг æркæлы. Мæхицæн дæр афтæ рауад, уымæн æмæ мын дзы бирæ зонгæтæ уыд, стæй мæ мад дæр уыцы коймаг у.

**ДЗЕБЫСАТЫ Георги,**
**Джызæлы цæрæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**






**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51, 25-92-72.**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуыррон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуыррон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2702.
Заказ № 896.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**